

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén sok disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan nu ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan teu maké kelas kontrol. Désain dina ieu panalungtikan ngagunakeun *one group pretest – posttest design*.

Tabél 3.1  
Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:


- O<sub>1</sub> : *Pretest* (kamampuh nulis téks biografi siswa saméméh ngagunakuen modél pangajaran *Snowball Throwing*)
- X : *Perlakuan/Treatment* (ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*)
- O<sub>2</sub> : *Posttest* (kamampuh nulis téks biografi siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*)

### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI. Ari sumber datana nyaéta siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Data anu diolahna mangrupa hasil nulis dina pangajaran téks biografi.

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, bagan prosedur panalungtikan dijieun saperti ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis nyaéta saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMA Negeri 19 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan di kelas nalika nepikeun matéri ajar hususna dina pangajaran nulis téks biografi ngagunakeun kurikulum 2013 revisi 2017;
- 2) Rumusan masalah anu katitén sanggeus ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis téks biografi di kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 19 Bandung;

- 3) Raraga tiori mangrupa rarancang anu eusina ngeunaan tiori anu digunakeun pikeun ngajéntrékeun hal-hal anu keur ditalungtik;
- 4) Ngarumuskeun hipotésis;
- 5) Ngarumuskeun instrumén;
- 6) Ngumpulkeun data sanggeus kapanggih masalah nu aya, tuluy ngalaksanakeun panalungtukan di kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2022/2023. Fungsina nyaéta pikeun ngumpulkeun data, téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés;
- 7) Ngalaksanakeun *pretest*;
- 8) Dilakukeun *treatment* ngagunakeun modél *Snowball Throwing*;
- 9) Ngalaksanakeun *posttest*;
- 10) Nganalisis data nu boga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW* versi 20; jeung
- 11) Nyieun kacindekan anu satuluyna dijieun laporan.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu digunakeun kalawan ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik ngumpulkeun data (tés) dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus uji coba modél pangajaran *Snowball Throwing* dina pangajaran nulis téks biografi. Tés awal (*pretest*) maksudna pikeun mikanyaho gambaran atawa kamampuh siswa saméméh dibéré *treatment* nulis téks biografi. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil ahir diajar siswa sanggeus uji coba kalawan maké modél pangajaran *Snowball Throwing*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina ngajawab pasualan panalungtikan, instrumén diperlukeun pisan pikeun meunangkeun data, sarta nguji hipotésis sangkan bisa ngahontal udagan dina panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc 203), instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang jeung hasilna hadé, hartina leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis nepi ka gampang diolah. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés. Dina prak-prakana,

panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) anu fungsina pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung, dina nulis téks biografi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* jeung sanggeus diajar ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*. Ieu di handap mangrupa soal unjuk kerja anu dibérékeun ka siswa.

Tabél 3.2  
Instrumén Panalungtikan

Soal <i>Pretest</i> jeung <i>Posstest</i>	
Wasta	:
No. Absén	:
Kelas	:
Prak ku hidep jieun téks biografi luyu jeung katangtuan di handap.	
a.	Témana tokoh idola
b.	Ngagunakeun struktur téks biografi (oriéntasi, peristiwa, reorientasi) jeung éjahan kalawan bener!
	.....
	.....
	.....
	.....
	.....
	.....

### 3.6 Analisis Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data anu bakal diolah jeung dianalisis ngawengku data hasil kamampuh awal (*pretest*) jeung kamampuh ahir (*posttest*). Dina ngolah data aya sababaraha anu kudu dipigawé, di antarana:

- 1) Mariksa hasil karangan siswa tina *pretest* jeung *post-test* dumasar kana aspék-aspék nu dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.3  
Rubrik Penilaian Nulis Teks Biografi

<b>Nulis Téks Biografi</b>	<b>No.</b>	<b>Aspék</b>	<b>Skor</b>	<b>Kritéria</b>	
Struktur Téks	A	Eusi	26-30	Alus pisan-Sampurna: hartina maham pisan jeung nepikeun eusi kalayan lengkep.	
			21-25	Cukup-Alus: maham pisan jeung nepikeun eusi kurang lengkep.	
			16-20	Sedeng-Cukup: kurang maham jeung nepikeun eusi kurang lengkep.	
			13-15	Kurang Alus: teu maham kana eusi, jeung teu bisa nepikeun informasi kalayan lengkep.	
	B	Organisasi Eusi	18-20	Alus pisan-Sampurna: eusi dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf raket.	
			14-17	Cukup-Alus: eusi dimekarkeun jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket.	
			10-13	Sedeng-Cukup: eusi dimekarkeun kurang jelas, runtuyan struktur teu sistematis tapi lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket.	
			7-9	Kurang Alus: eusi dimekarkeun teu jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraf teu raket.	
	Kaédah Basa	C	Diksi	18-20	Alus pisan-Sampurna: ngawasa kandaga kecap, ngan saeutik pilihan kecap anu kurang

<b>Nulis Téks Biografi</b>	<b>No.</b>	<b>Aspék</b>	<b>Skor</b>	<b>Kritéria</b>
				merenah.
			14-17	Cukup-Alus: ngawasa kandaga kecap, pilihan kecap kurang merenah.
			10-13	Sedeng-Cukup: kawatesan kandaga kecap, loba kasalahan dina pilihan kecap.
			7-9	Kurang Alus: pangaweruh kandaga kecap asor, loba pisan kasalahan dina pilihan jeung teu cukup pikeun diajén.
	D	Makéna Basa	18-20	Alus pisan-Sampurna: ngawasa pisan tata basa, ngan saeutik kasalahan dina makéna basa.
			14-17	Cukup-Alus: kurang ngawasa tata basa, saeutik kasalahan dina makéna basa.
			10-13	Sedeng- Cukup: kurang ngawasa kana tata basa, loba kasalahan dina maké basa jeung nyusun kalimah.
			7-9	Kurang Alus: teu ngawasa kana tata basa, loba pisan kasalahan nepi ka teu komunikatif.
	E	Éjahan	8-10	Alus pisan-Sampurna: ngawasa kana aturan nulis, jeung saeutik pisan kasalahan éjahan.
			5-7	Cukup-Alus: maham kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan éjahan.
			3-4	Sedeng-Cukup: kurang mahan kana aturan nulis, jeung loba kasalahan éjahan.
			1-2	Kurang Alus: teu maham kana aturan nulis, loba pisan kasalahan éjahan.

(Nurgiyantoro dina Kuswari, 2010)

- 2) Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* nulis téks biografi, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor kahontal}}{\text{skor maksimal}} \times 100\%$$

- 3) Ngasupkeun peunteun kana tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.4  
Kamampuh Nulis Téks Biografi Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun  
Modél *Snowball Throwing*

No Absen Siswa	Aspék Nulis Téks Biografi					Peunteun	Katégori
	Struktur Téks		Kaédah Basa				
	A	B	C	D	E		
Σ							
Rata-rata							

Keterangan:

A: eusi

B: organisasi eusi

C: diksi

D: makéna basa

E: éjahan

Kritéria:

Peunteun  $\leq 75$  dianggap can tuntas

Peunteun  $\geq 75$  dianggap tuntas

Σ = jumlah skor

- 4) Sanggeus bérés nyindekeun hasil panalungtikan, satuluyna ieu panalungtikan téh disusun jadi laporan dina wangun skripsi kalawan maké katangtuan anu geus ditangtukeun.

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Dilakukan uji normalitas sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data. Dina ieu panalungtikan, data diolah sarta dianalisis ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* PASW versi 20.

### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga fungsi sangkan mikanyaho normal atawa henteuna data nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Aya sababaraha métode pikeun nguji normal atawa henteuna data, salasihijina nyaéta *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_1$  : distribusi data normal

$H_0$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara uji *Shapiro-wilk* ku sabab jumlah data unggal kelompok kurang ti 50, kalawan kritéria saperti ieu di handap.

$H_1$  ditarima, saupama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $> 0,05$ .

$H_0$  ditarima, saupama nilai signifikan ( $\text{sig}$ )  $< 0,05$ .

### 3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji anu dilakukeun pikeun mikanyaho yén dua atawa leuwih kelompok data sampel téh asalna tina populasi anu miboga varian anu sarua. Dasar nyokot kaputusan dina uji homogénitas saperti ieu di handap.

- 1) Nilai signifikansi  $> 0,05$  nunjukkeun yén kelompok data asalna tina populasi kalawan miboga varian anu sarua (homogén).
- 2) Nilai signifikansi  $< 0,05$  nunjukkeun yén kelompok data asalna tina populasi kalawan miboga varian anu béda (teu homogén).

### 3.6.2 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis, aya dua cara nu bisa dilakukeun. Upama hasil uji normalitas nunjukeun hasil data anu distribusina normal, éta data diuji ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan ngagunakeun *T-test*. Upama hasil uji normaliras nunjukeun hasil data anu distribusina teu normal, éta data diuji hipotésisna ngagunakeun *Statistic non-parametic* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*. Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

$H_1$  (Hipotésis alternatif) : aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi saméméh jeung sanggeus dilarapkeun



modél *Snowball Throwing* ka siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.

H<sub>0</sub> (Hipotésis nol)

: henteu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *Snowball Throwing* ka siswa kelas XI MIPA 5 SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2022/2023.